



KONNEN DWA OU LÈ W AN DETANSYON/PRIZON POLIS LA

Tout moun Ozetazini, ki enkli imigran ki san papyè, gen dwa Konstitisyonèl ak pwoteksyon. Ni imigrasyon ni lapolis pap sipòze ou vle egzèsè dwa ou yo. Se ou ki responsab fè yo konnen sa lè ou montre yo yon kat “Know Your Rights” oswa lè ou di ofisye a ou ap egzèsè dwa ou yo.

Si ou nan gadavi lapolis oswa nan prizon ak fòs delwa lokal oswa leta (pa imigrasyon), ou gen dwa ki pwoteje ou.

Arete, akizasyon, ak kondanasyon ka afekte sitiyasyon imigrasyon ou.

Nou ankouraje viktim krim yo pou chèche èd lè yo bezwen sa. Li enpòtan tou pou konprann ke gen kèk eta, vil ak lokalite ki ka gen règleman ak lwa an plas ki egzije yo pou yo pataje enfòmasyon sou imigran yo rankontre ak DHS/ICE. Tanpri chèche konsèy legal si ou pa sèten sa pou w fè.” Sepandan, si ou gen kontak ak lapolis, li enpòtan pou w fè revandikasyon dwa w epi pale ak yon avoka. Si yo akize w de yon krim, avoka defans kriminel ou a dwe konseye w sou si akizasyon w yo oswa nenpòt òf pou plede kriminel pote risk deportasyon. Li enpòtan pou avoka kriminel ou a konsilte ak yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans nan zafè kriminel-imigrasyon epi eksplike w risk yo.

Ou gen dwa pou fè yon apèl telefòn.

Mande opòtinite pou rele yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou fè konfyans pou fè yo konnen ou te arete ak jwenn yon avoka pou reprezante ou.

Ou gen dwa pou pale avèk yon avoka.

Si ou gen yon avoka kriminel, ou dwe mande pou rele moun sa a. Si ou pa gen yon avoka kriminel epi ou pa kapab peye yon avoka, ou dwe mande yon avoka. Gouvènman an dwe deziye yon avoka kriminel gratis. Gouvènman an pap peye pou yon avoka imigrasyon, men ou gen dwa pou anboche youn.

Ou gen dwa pou rete an silans.

Lè yo arete ou detni ou pa lapolis, sa pa vle di ou dwe reponn kesyon. Ou pa ta dwe diskite enfòmasyon imigrasyon ou avèk pèsonn lòt pase avoka ou. Sa enkli kote ou fèt, kijan ak kilè ou te vini Ozetazini, ak nenpòt dosye kriminel.

- Bay idantifikasyon ou a sèlman lè lalwa mande w fè sa.*
- Pa di ofisye a peyi nasyonalite ou.
- Pa reponn kesyon.
- Pa siyen dokiman.
- Pa pote fo dokiman.
- Pa andikape fizikman rechèch la.

Ou ta dwe pale ak avoka ou sou sitiyasyon imigrasyon ou ak dosye kriminel.

Avoka ou bezwen enfòmasyon sa a pou kapab asire li ba ou bon konsèy.

Ou gen dwa pou refize siyen dokiman.

Pa siyen anyen san ou pale ak yon avoka. Si yo mande w siyen yon bagay, di, “Mwen pap siyen anyen jiskaski mwen pale avèk avoka mwen.” Poze kesyon si ou pa konprann sa yo mande ou siyen.

*Pale ak yon avoka lokal sou si ak kilè ou dwe prezante idantifikasyon. Pa egzanp, nan pifò eta, ou dwe montre yon lisans kondwi si ou genyen yon sèl epi ou entèsèpte; ou dwe montre idantifikasyon imigrasyon ou bay yon ofisye imigrasyon ki mande li si ou gen estati legal e ou pa yon sitwayen ameriken.